दिन—मंगलवार दिनांक—27.01.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————

भारत आ यूरोपीय संघ आइ मुक्त व्यापार समझौता कैँ अंतिम रूप देलक। नव दिल्ली मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, यूरोपीय परिषद के अध्यक्ष एंटोनियो कोस्टा आ यूरोपीय आयोगक अध्यक्ष उर्सूला फॉन डेर लायन केर मध्य प्रतिनिधि मंडल स्तरक वार्ता भेल। भारत आ यूरोपीय संघ आइ व्यापार, सुरक्षा, रक्षा साझेदारी, आवाजाही, आपदा—जोखिम प्रबंधन आ हरित हाइड्रोजन समेत सात समझौता सभ पर हस्ताक्षर कयलक। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री मोदी कहलनि जे भारत आ यूरोपीय संघक संबंध मजगूत भेल अछि आ नव मोकाम पर पहुंचल अछि। श्री मोदी भारत—यूरोपीय संघ मुक्त व्यापार समझौता कैँ सभसँ महत्वपूर्ण मदर ऑफ ऑल डील्स समझौता जनबैत एकरा विश्वक दू सभ सँ पैघ अर्थव्यवस्था सभक मध्य तालमेलक उत्कृष्ट उदाहरण जनौलनि अछि।

———————————————

संसदक बजट सत्र काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। ई सत्र दू अप्रैल धरि चलत। एहि सँ पूर्व, आइ नव दिल्लीक संसद भवन परिसर मे रक्षामंत्री राजनाथ सिंह केर अध्यक्षता मे सर्वदलीय बैसक भेल। संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजीजू बैसारक बाद पत्रकार सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे उनचालीस राजनीतिक दल सभक एकावन सांसद लोकनि बैसार मे भाग लेलनि। ओ जनौलनि जे सरकार सभ सँ बजट सत्रक दरमियान सहयोगक अपील कयलक अछि। श्री रिजीजू जनौलनि जे सभ दलक वरिष्ठ नेता लोकनि सदनक सुचारू संचालन मे सहयोगक भरोस देलनि अछि। ओ जनौलनि जे काल्हि पूर्वाह्न एगारह बजे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू केर संयुक्त सत्र कैँ अभिभाषणक संग सत्रक शुरूआत होयत। उनतीस जनवरी कैँ आर्थिक सर्वेक्षण पेश कयल जायत आ एक फरवरी कैँ वित्तिय वर्ष दू हजार छब्बीस—सत्ताईसक बजट पेश कयल जायत।

———————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ समृद्धि यात्राक दरमियान मधुबनी जिला मे तीन सय एकानवे करोड़ टाकाक लागतिवला एक सय चौरानवे विकास परियोजना सभक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे श्री कुमार दू सय अंठानवे करोड़ टाकाक लागतिवला एक सय एक योजनाक शिलान्यास कयलनि, जखनकि तेरानवे करोड़ टाकाक लागतिवला दू सय चौरानवे योजनाक उद्‌घाटन कयलनि। मुख्यमंत्री संवाद कार्यक्रम कैँ संबोधित करैत कहलनि जे राज्य मे स्वास्थ्य संरचना सभ कैँ विकसित कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे सात निश्चिय–तीन केर तहत सभ जिला मे लोकसभ कैँ स्थानीय अस्पताल मे सुविधापूर्ण आ सुचारू इलाजक व्यवस्था पर जोर देल गेल अछि। मुख्यमंत्री विभिन्न विकास काज सभक निरीक्षण कयलनि आ अधिकारी लोकनिक संग जिला मे चलि रहल विकास योजना सभक प्रगतिक समीक्षा सेहो कयलनि।

---

वरिष्ठ अधिवक्ता अंशुल राज कैँ पटना उच्च न्यायालय केर न्यायाधीश नियुक्त कयल गेल अछि। पटना हाईकोर्टक मुख्य न्यायाधीश संगम कुमार साहू आइ शताब्दी भवन मे आयोजित समारोहक दरमियान अंशुल राज कैँ न्यायाधीश पदक शपथ दियौलनि। एकरा संगहि, पटना उच्च न्यायालय मे न्यायाधीश लोकनिक संख्या अड़तीस भऽ गेल अछि।

---

पूर्व केन्द्रीय मंत्री आ कांग्रेसक पूर्व नेता शकील अहमदक राहुल गांधी पर देल बयान पर विवाद गहरा गेल अछि। शकील अहमद राहुल गांधी कैँ डरपोक कहने छलाह। एम्हर, कांग्रेस विधायक आ युवा कांग्रेस केर महासचिव अभिषेक रंजन शकील अहमदक बयान कैँ दुर्भाग्यपूर्ण जनबैत कहलनि जे पार्टी कार्यकर्ता राहुल गांधीक अपमान बर्दास्त नहि करत। कांग्रेस पार्टीक किशनगंज सँ सांसद डॉक्टर जावेद सेहो शकील अहमदक बयान कैँ गलत जनौलनि अछि। एम्हर, शकिल अहमद सोशल मीडिया पोस्ट मे अपन पटना आ मधुबनी स्थित आवास पर हमलाक आशंका जतौलनि अछि। एकरा देखैत सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उद्योग मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि जे शकील अहमद कांग्रेस कैँ आईना देखेलनि अछि। ओ कहलनि जे राज्य मे सभक सुरक्षा सुनिश्चित अछि।

---

पश्चिमी विक्षोभ केर सक्रिय होयबाक कारण उत्तर–पश्चिमी आ उत्तर–मध्य भाग मे कतेको ठाम मौसम मे परिवर्तन भेल अछि। मौसम विभागक रिपोर्टक अनुसार विभिन्न स्थान सभ पर न्यूनतम तापमान मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। समस्तीपुर, सीवान, सहरसा, भागलपुर आ किशनगंज जिला मे न्यूनतम तापमान मे एक सँ दू डिग्री सेल्सियस केर कमी दर्ज कयल गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान समस्तीपुर राज्यक सभ सँ ठंढा स्थान रहल, जतऽ के न्यूनतम तापमान छओ दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज आ सीवान जिला मे एक–दू ठाम गरज केर संग ठनका खसबाक संभावना अछि। ओतहि, प्रदेशक कतेको भाग सभ मे न्यूनतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस केर कमी भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

समाप्त